


Prezidan Henry B. Eyring
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan



Vin tounen vrè disip

Nan chak reyinyon sentsèn, nou gen privilèj pou nou pwomèt Papa nou ki nan syèl la ke nou ap toujou sonje Sovè a epi respekte kòmandman L yo pou nou kapab gen Lespril L avèk nou (gade Mowoni 4:3; 5:2; D&A 20:77, 79). Lè nou pran non L sou nou, n ap toujou sonje L natirèlman. Nou fè sa nan plizyè fason men spesyalman lè nou sèvi lòt moun nan nou L, nou li pawòl sakre l yo, epi priye pou nou konnen kisa L vle nou fè.

Sa te rive pou mwen lè mwen t ap batize yon jenòm. Mwen te konnen ke sèvitè òdone Sovè a te aple m kòm yon misyonè pou mwen preche levanjil Li a epi pou mwen temwaye de Li e de vrè Legliz Li a. Konpanyon misyonè mwen ak mwenmenm te pwomèt jenòm sa a ke li t ap vin pwòp atravè pouvwa Ekspiyasyon Jezikri a lè li repanti ak lafwa nan Sovè a epi batize pa youn nan sèvitè otorize L yo.

Lè mwen te leve jenòm nan soti nan dlo nan fon batis-mo a, li te chichote nan zòrèy mwen, “Mwen pwòp, mwen pwòp.” Nan moman sa a, mwen te sonje batèm Sovè a pa Jan Batis nan Rivyè Jouden an. Epitou, mwen te sonje mwen t ap fè travay sali yon Sovè resisite epi vivan—asiste pa Sentespri a, menm jan ak Jan.

Pou mwen menm ak pou chak nan nou, sonje Sovè a kapab vledi plis pase depann sou yon souvni konesans nou ak eksperyans nou avèk Li. Nou kapab fè chwa chak jou k ap fè nou vin pi pwòch Li nan moman prezan an.

Chwa ki pi senp la se petèt li ekriti yo. Lè nou fè sa, nou kapab gen santiman ke nou pwòch Li. Pou mwenmenm,

santiman pwòch sa a vini pi souvan lè m li Liv Mòmmon an. Nan premye minit lè m ap li chapit 2 Nefi yo, mwen tande nan tèt mwen vwa Nefi ak Leyi k ap dekri Sovè a kòm si yo te konnen L pèsònèlman. Mwen santi ke m pwòch Li.

Pou noumenm, se gen dwa lòt kote nan ekriti yo ki kapab atire nou vè Li. Men kèlkeswa kote ak kilè nou li pawòl Bondye a, avèk imilite ak entansyon reyèl pou n sonje Sovè a, dezi nou pou pran non L sou nou nan lavi nou chak jou ap ogmante.

Dezi sa a ap chanje fason nou sèvi nan Legliz Senyè a. N ap priye Papa nou ki nan Syèl La pou ede nou manifè menm sa ki parèt yon ti apèl piti pou nou. Èd n ap mande a se kapasite pou bliye tèt ou epi konsantre plis sou sa Sovè a vle pou moun nou aple pou sèvi yo.

Mwen te konn santi men L ak prezans Li nan sèvis mwen avèk piti mwen yo lè m te konn priye pou konnen kijan pou m te ede yo jwenn lapè ke sèlman levanjil la kapab pote a. Nan moman sa yo, mwen pa t tèlman sou-sye si moun te konsidere m kòm yon paran ki gen siksè, mwen mwen te sousye m pwofondeman pou siksè ak byenèt piti mwen yo.

Dezi pou bay moun nou ap sèvi yo sa Sovè a vle nou ba yo a ap mennen nan lapriye ki *siplye* Papa nou ki nan Syèl la, vrèman nan non Jezikri. Lè nou priye nan fason sa a—nan non Sovè a, avèk lafwa nan Li—Papa a reponn. Li voye Sentespri a pou gide nou, rekonfòte nou, ak ankouraje nou. Paske Lespri a toujou rann temwayaj de Sovè a

(gade 3 Nefi 11:32, 36; 28:11; Ether 12:41), Kapasite nou pou renmen Senyè a ak tout kè nou, ak tout pouvwa nou, ak tout fòs nou an ap ogmante (gade Mak 12:30; Lik 10:27; D&A 59:5).

Benediksyon ki se sonje chak jou ak sonje nan moman prezan yo ap vini dousman e konstamman pandan n ap sèvi Li, fè festen ak pawòl Li, epi priye ak lafwa nan non Li. Epi souvni sa a ap transfòme nou pou fè nou vin vrè disip Senyè a, Jezikri, nan wayòm Li an sou tè sa a—epi avèk Papa Li nan apre, nan mond gloriye ki gen pou vini an.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Eyring konseye nou pou nou toujou sonje Sovè a nan fè chwa k ap apwoche nou de Li chak jou. Avèk moun w ap ansenye yo, ou kapab li priyè sentsèn yo, ki dekri alyans pou nou toujou sonje L la (gade Moroni 4:3; 5:2 D&C 20:77, 79). Panse pou w envite moun w ansenye yo pou yo fè yon lis bagay ke yo kapab fè chak jou pou sonje Sovè a. Ou gen dwa menm envite yo pou yo priye Pè Selès la pou siksè ak byennèt youn lòt. Panse pou w priye pou yo nan menm fason sa a.

JÈN YO

Sonje Senyè a chak jou

Zanmi, travay nan kay, devwa, televizyon—gen sitèlman anpil bagay ki mande atansyon nou. Men chak semèn, nou pwomèt Papa nou ki nan Syèl la “pou [nou] toujou sonje [Pitit Gason L., Jezikri]” (D&A 20:79).

Prezidan Eyring di ke nou kapab “fè chwa chak jou ki ap ede nou sonje Sovè a.” Panse pou w fikse yon bi mwa sa a pou sonje Sovè a pi plis chak jou. Ou gen dwa prepare yon kalandriye epi pran angajman pou fè yon bagay chak jou pou bati relasyon ou avèk Li. Prezidan Eyring fè lis bagay tankou li ekriti yo, priye ak lafwa, epi sèvi Sovè a ak lòt moun. Epitou, gen ekri nan jounal, ale nan reyinyon Legliz yo, koute konferans jeneral, al nan tanp, chante kantik—lis la ka kontinye! Si nou sonje Sovè a chak jou, Prezidan Eyring pwomèt ke “benediksyon yo . . . ap vini lantman epi avèk konsistans . . . [epi] y ap transfòme nou pou fè nou vin tounen vrè disip Senyè a Jezikri.”

TIMOUN YO

Anpil lanmou

Lè nou li ekriti yo oubyen nou priye, nou kapab santi konbyen Pè Selès la ak Jezi renmen nou. Desine ti kè piti andedan yon gwo kè. Desine yon kè chak fwa ou priye oubyen li ekriti yo. Kisa ou ka fè ankò pou w santi w pi pre Pè Selès la ak Jezi?



Antoure sa ki egare yo avèk lanmou

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche enspirasyon pou ou ka konnen kisa pou ou pataje. Nan ki fason konprann bi Sosyete Sekou ap prepare pitit fi Bondye yo pou benediksyon lavi etènèl yo?

Lafwa, Fanmi, Sekou

Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan, te di: “Reyalite a sèke pa gen okenn fanmi ki pafè . . .” “Kèlkeswa pwoblèm fanmi w ap rankontre, kèlkeswa sa w ta dwe fè pou rezoud yo, komansman ak fen solisyon an se charite, amou pi Kris la.”¹

Konsènan moun ki pa totalman aktif yo nan levanjil la, Linda K. Burton, ansyen Prezidan Jeneral Sosyete Sekou a, te di: “Pè Selès la renmen tout pitit Li. . . . Kèlkeswa kote yo ye—sou chemen an oubyen egare—Li vle yo retounen lakay.”²

Prezidan Joseph F. Smith (1838–1918) te anseye: “Kèlkeswa lwen [pitit nou yo] ka egare kite chemen an, . . . lè n ap pale avèk yo, pa fè sa ak kòlè, nan yon espri pou kondane yo.” “Pale avèk yo jantiman.”³

Èldè Brent H. Nielson nan Swaanndis yo te repete enstriksyon

Sovè a te bay moun ki te pèdi 10 pyès lajan yo ak moun ki te pèdi youn yo: “Chèche jiskaske nou jwenn ni. Lè moun ki egare a se pitit gason nou oswa pitit fi nou, frè nou oubyen sè nou, . . . apre tout sa nou kapab fè, se pou nou renmen moun sa a ak tout kè nou. . . .

“Se pou noumenm avèk mwen resevwa revelasyon pou n konn ki pi bon fason pou n apwoche moun pwòch nou ki pèdi yo epi, lè sa nesèsè, pou n gen pasyans ak amou Pè Selès la ak Pitit Gason L lan, Jezi-kri, pandan n ap renmen, veye, epi ret tann anfan pwodig la.”⁴

Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan te di: “Mwen konn priye ak lafwa pou yon moun mwen renmen te chèche ak santi pouvwa Ekspyasyon an. Mwen konn priye ak lafwa pou zanj sou tè a ka vin pote èd pou yo, epi yo konn vini.

“Bondye prepare mwayen pou sove chak pitit Li.”⁵

Ekriti ak enfòmasyon adisyonèl

Matye 18:12; Alma 31:35; 3 Nefi 13:32; D&A 121:41–42
reliefsociety.lds.org

NÒT

1. Dieter F. Uchtdorf, “In Praise of Those Who Save,” *Liahona*, Me 2016, 79, 80.
2. Linda K. Burton, nan Sarah Jane Weaver, “Sister Burton, Sister Wixom Visit Church’s Pacific Area,” *Church News*, Avr. 2, 2013, lds.org/church/news.
3. *Enseignements des présidents de l’église: Joseph F. Smith* (1998), 247.
4. Brent H. Nielson, “Waiting for the Prodigal,” *Liahona*, Me 2015, 103.
5. Henry B. Eyring, “To My Grandchildren,” *Liahona*, Nov. 2013, 71.

Panse sou sa

Kijan nou ka kontinye demontre charite pou moun ki pa vle viv prensip levanjil yo?